


# MÁDENIYATTIŃ ISKERLIKLI TÚSINDIRILIWI

**Aytmuratova Altinay Muftilla qizi**
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti magistratura bólimi, Sociallıq pánler kafedrası, Filosofiya qánigeligi 2-kurs magistrantı
https://doi.org/10.5281/zenodo.20594232

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 04-iyun 2026 yil
Ma'qullandi: 06- iyun 2026 yil
Nashr qilindi: 08- iyun 2026 yil

**KEY WORDS**

*mádeniyat, iskerlik qatnas, mádeniyattanıw, sociallıq iskerlik, ruwxıy mádeniyat, mádeniy qádiriyatlar.*

**ABSTRACT**

*Bul maqalada mádeniyattıń iskerlikli talqılawı tereń ilimiy-teoriyalıq tiykarda tallanadı. Atap aytqanda, mádeniyat insannıń ruwxıy hám materiallıq iskerliginiń ónimi sıpatında sáwlelendirilip, onıń process hám nátiyje birligi sıpatındaǵı mánisi ashıp beriledi. Sonday-aq, mádeniyattıń sociallıq, kommunikativlik hám dóretiwshilik funkciyaları iskerlik kontekstinde túsindiriledi. Izertlew nátiyjesinde mádeniyattı statikalıq qubılıs emes, al dinamikalıq, úzliksiz rawajlanıp barıwshı sociallıq process sıpatında túsiniw zárúrligi tiykarlanadı.*

Mádeniyattıń iskerlik túsinigi insannıń sanalı, maqsetke baǵdarlangan hám sociallıq xarakterge iye bolgan iskerligi menen úzliksiz baylanıslı halda túsindiriledi, sebebi mádeniyat áyne insannıń tábiyat hám jámiyetke ámeliy hám de mánáwiy múnásibeti procesinde payda boladı. Haqıyqatında da, insan óz mútájliklerin qanaatlandırıw, jasaw sharayatların jaqsılaw hám ózin ańlaw procesinde tábiyattı ózgertedi, jámiyetti shólkemlestiredi hám sol arqalı jańa qádiriyatlar sistemasın jaratadı. Mine usı process mádeniyattıń qáliplesiwi hám rawajlanıwınıń tiykarın quraydı. Sol sebepli mádeniyattı tek tayar nátiyjeler jiynaǵı sıpatında emes, al úzliksiz dawam etiwshi xizmet procesi sıpatında túsiniw ilimiy jaqtan áhmiyetli.

Birinshiden, mádeniyat iskerlik ónimi sipatında insannıń tábiyatqa tásiri arqalı kórinedi. Mısalı, ápiwayı turaq jay qurılısı procesin alayıq. Insan tábiyiy materiallardan paydalanıp, óziniń jasaw ortalıǵın jaratadı. Biraq bul process tek ǵana texnikalıq iskerlik emes, al mádeniy process bolıp tabıladı, sebebi onda estetikalıq kózqaraslar, milliy dástúrler hám sociallıq mútájlikler jámlesedi. Máselen, qaraqalpaq milliy úylerinde háwliniń orayında jaylasqan áywan yamasa sıpa tek ǵana arxitekturalıq element emes, al miymandoslıq hám sociallıq qarım-qatnas mádeniyatınıń kórinisi bolıp esaplanadı. Usı kózqarastan qaraǵanda, hár bir materiallıq obyekt artında insan iskerliginiń ruwxıy mazmunı jatadı.

Ekinshiden, mádeniyat insannıń ruwxıy iskerligi arqalı jáne de bayıydı. Máselen, ádebiyat, muzika, kórkem óner hám ilim tarawları insan oy-pikiriniń jemisi bolıp, olar jámiyettiń ruwxıy dárejesin belgileydi. Alisher Nawayınıń shıǵarmaları yamasa maqam kórkem óneri tek ǵana kórkem miyras emes, al insan oy-pikiri, estetikalıq talǵamı hám ruwxıy dúnyasınıń jemisi sıpatında mádeniyattıń iskerlik mazmunın kórsetedi. Bul jerde dóretiwshilik

xizmet mádeniyattıń eń joqarı basqıshı sıpatında kórinedi, sebebi ol jańa ruwxıy qádiriyatlardı jaratadı hám jámiyetti bayıtadı.

Úshinshiden, mádeniyat kommunikativ iskerlik arqalı jasaydı hám rawajlanadı. Insanlar ortasındaǵı qarım-qatnas, til, simvollar hám belgiler sisteması mádeniyattıń tiykarǵı qurallarınan biri. Máselen, xalıq awızeki dóretiwshiligi - ertekler, naqıl-maqallar, dástanlar - insanlar arasında awızeki sóylew arqalı tarqalıp, áwladtan-áwladqa jetkeriledi. Bul process mádeniyattıń tek ǵana saqlanıwın emes, al bayıp barıwın da támiyinleydi. Qaraqalpaq xalqınıń "Alpamıs" dástanı yamasa naqılları buǵan ayqın mısal bola aladı.

Tórtinshiden, mádeniyat sociallıq iskerlik penen tıǵız baylanıslı. Insan jámiyette jasap, túrli sociallıq qatnasıqlarǵa kirisedi hám bul qatnasıqlar mádeniyat arqalı tártipke salınadı. Máselen, miymandoslıq, úlkenlerge húrmet, kishilerge mehir sıyaqlı qádiriyatlar insan iskerliginde kórinip, jámiyette turaqlı sociallıq ortalıqtı qáliplestiredi. Bul jaǵday mádeniyattıń normativlik hám tártipke salıwshı funkciyasın kórsetedi.

Iimpazlar bul máselege ayrıqsha itibar qaratadı. M. Abdullayev mádeniyattı insannıń ruwxiy-ámeliy iskerligi nátiyjesi sıpatında bahalap, onıń mánisi áyne iskerlikte kórinetuǵının atap ótedi. E.Umarov bolsa mádeniyattı jámiyettiń tariyxıy tájiriybesi sıpatında talqılanıp, onı áwladtan-áwladqa iskerlik arqalı ótetuǵın sistema sıpatında túsindiredi. Bul pikirler mádeniyattıń úzliksiz rawajlanıwın hám onıń iskerlik penen baylanıslılıǵın kórsetedi.

A. Ochildiyev mádeniyattı insannıń dóretiwshilik potencialı menen baylanıstırıp, onıń tiykarında insannıń ishki imkaniyatları jatatuǵının atap ótedi. Máselen, zamanagóy kórkem ónerde xudojnik yaki dizayner óz oy-pikir hám ideyaların jańa formada kórsetip, mádeniyatqa jańalıq kirgizedi. Bul process dóretiwshilik xizmet arqalı mádeniyattıń rawajlanıwın kórsetedi [1].

Shıǵıs oyshıllarınıń kózqarasları da bul kózqarastı tereńlestiredi. Abu Nasır Farabiy insannıń jámiyettegi iskerligi arqalı kamalǵa keliwin aytıp, mádeniyattı sociallıq iskerlik penen baylanıstıradı. Máselen, onıń "qábiletli jámiyet" ideyası hár bir insannıń jámiyettegi belsendi qatnasıwı arqalı jetik sistema jaratılıwın názerde tutadı [4].

Abu Rayxan Beruniy bolsa ilimiy iskerlik arqalı mádeniyattıń rawajlanıwın kórsetedi. Ol túrli xalıqlar mádeniyatın úyrenip, ilimiy izertlew jumısınıń mádeniyatlar aralıq baylanıslardı rawajlandırıwdaǵı rolin tiykarlap beredi. Bul bolsa mádeniyattıń ilimiy iskerlik penen baylanıslılıǵın kórsetedi [3].

Ibn Sino mádeniyattı insannıń aqılıy hám ádep-ikramlılıq iskerligi menen baylanıstırıp, bilim alıw hám onı ámeliyatta qollanıwdı mádeniyattıń tiykargı belgisi sıpatında kórsetedi. Máselen, onıń medicina tarawındaǵı jumısı tek ǵana ilimiy emes, al mádeniy rawajlanıwǵa da úlken úles qosqan [2].

Bunnan tısqarı, zamanagóy jámiyette mádeniyattıń iskerlik talqılawı jáne de ayqın kózge taslanbaqta. Máselen, internet hám sociallıq tarmaqlar arqalı adamlar jana túrdegi kommunikativlik xizmetti ámelge asırmaqta. Bul process sanlı mádeniyattı qáliplestirip, jańa qádiriyatlar hám qarım-qatnas túrlerin júzege keltirmekte. Blog júrgiziw, kontent jaratıw, onlayn bilim alıw sıyaqlı jumıslar zamanagóy mádeniyattıń jańa kórinisleri bolıp esaplanadı.

Sonday-aq, ekologiyalıq xizmette mádeniyattıń áhmiyetli baǵdarına aylanǵan. Insannıń tábiyattı saqlawǵa qaratılǵan iskerligi ekologiyalıq mádeniyattı qáliplestiredi. Máselen, shıǵındılardı saralaw, terek egiw yamasa suwdı únemlew sıyaqlı ádetler jámiyette jana mádeniy normalardı júzege keltiredi.

Mádeniyattıń iskerlikli túsindiriliwi mádeniy miyraslılıqtı da tereń túsindiredi. Hár bir áwlad ózinen aldıńgı áwladlar jaratqan mádeniy miyrastı ózlestirip, onı jańa sharayatqa beyimlestiredi. Máselen, milliy muzika dástúrleri zamanagóy texnologiyalar járdeminde jańa túrde rawajlanbaqta. Bul process mádeniyattıń úzliksizligin támiyinleydi hám onıń jańa basqıshqa kóteriliwine xizmet etedi.

Solay etip, mádeniyattıń iskerlikli túsindiriliwi tek teoriyalıq model ǵana emes, al ámeliy jaqtan da úlken áhmiyetke iye. Sebebi, usı kózqaras arqalı biz jámiyette bolıp atırǵan ózgerislerdi tereńirek túsine alamız hám olarǵa sanalı túrde qatnasamız. Ásirese, globalizaciya sharayatında mádeniyattıń dinamikalıq tábiyatın ańlaw insanǵa óz milliy qádiriyatların saqlap qalıw menen birge, basqa mádeniyatlar menen nátiyjeli dialog júrgiziw imkaniyatın beredi. Sonday-aq, iskerlikli jantasıw mádeniyattı tek miyras sıpatında emes, al jáńadan jaratılıp baratırǵan process sıpatında qarastırıp, hár bir adamnıń sol processke qosıp atırǵan úlesin anıq kórsetip beredi. Demek, mádeniyat – bul tayar sistema emes, al hár kúni insan iskerligi arqalı jańalanıp, bayıp baratırǵan tirishilikli hádiyse bolıp tabıladı.

Bunnan tısqarı, mádeniyattıń iskerlikli tûsindiriliwi bilim beriw, tárbiya hám sociallıq siyasat tarawlarında da óz aldına ayrıqsha áhmiyetke iye bolıp tabıladı. Sebebi, eger mádeniyat insan iskerligi menen baylanıslı halda qaralsa, onda bilim beriw processi de tek bilim beriw emes, al ruwxıy hám sociallıq qádiriyatlardı qáliplestiriwshi iskerlik sıpatında túsiniledi. Sol arqalı jas áwladta dóretiwshilik, jawapkerlik hám jámiyetke paydalı bolıw sıyaqlı qásiyetler rawajlanadı. Sonday-aq, bul jantasıw jámiyettegi túrli mádeniy qatnaslardı uyǵınlastırıwǵa járdem berip, turaqlı rawajlanıw ushın tiykar jaratadı. Demek, mádeniyattıń iskerlikli túsindiriliwi tek ilimiy-emes, al ámeliy jaqtan da keń qollanılatuǵın, jámiyettiń keleshegin belgilewshi áhmiyetli metodologiyalıq negiz sıpatında bahalanadı.

Juwmaqlap aytqanda, mádeniyattıń iskerlikli túsindiriliwi onı eń jetik hám tereń túsindiriwshi qatnas esaplanadı. Sebebi bul qatnas mádeniyattı insan iskerliginen ajıralmas túrde qaraydı, onıń dinamikalıq, dóretiwshilik hám tariyxıy tábiyatın ashıp beredi. Ilimpazlar, sonday-aq, Shıǵıs oyshıllarınıń pikirleri bul qatnastı jáne de bayıtadı. Nátiyjede mádeniyat insan xizmetiniń jemisi bolıwı menen birge, onıń ózin-ózi qáliplestiriwshi, jámiyettiń rawajlanıwın belgilewshi hám insaniyattıń keleshektegi rawajlanıwına jol ashıp beriwshi áhmiyetli sociallıq hádiyse sıpatında kórinedi.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar:

1. Abdullayev, M., Umarov, E., Ochildiyev, A., Yo'ldoshev, A., & Abdullayev, A. (2006). Madaniyatshunoslik asoslari. Turon-Iqbol» nashriyoti, Toshkent—2006 y.
2. Ibn Sino. Donishnoma. Tehron, 1952.
3. Irisov.A Abu Rayhon Beruniyning "Hindiston" asari. Beruniy.Tanlangan asarlar.II tom. -T.: Fan, 1965. - 663 b.
4. Nasr, F. A. Fozil odamlar shahri. Toshkent, Abdulla Qodiriy nomidagi Xalq me'rosi nashriyoti, 1993.
5. Qayumov, A. (2011). Alisher Navoiy: Hayoti va ijodi. Toshkent: G'afur G'ulom nomidagi nashriyot-matbaa ijodiy uyi